

Gade ENSTRIKSYON YO nan paj 2.

Non Sant lan \_\_\_\_\_

Non Granmoun ki nan Gadri a \_\_\_\_\_

**Pati 1. Ranpli pati sa a si nenpòt moun nan kay ou a resevwa SNAP, TANF, FDPIR oswa si ou resevwa avantaj SSI oubyen Medicaid. Apresa, ale dirèkteman nan Parti 3 a.**

Nimewo Dosye SNAP \_\_\_\_\_ Nimewo Dosye SSI \_\_\_\_\_

Nimewo TANF \_\_\_\_\_ Nimewo Dosye Medicaid \_\_\_\_\_

Nimewo FDPIR \_\_\_\_\_

**Pati 2a. Ranpli pati sa a sèlman si ou pa t ranpli pati 1 an. Mete sou lis la tèt ou, madanm oswa mari w ak tout moun ki sou kont ou (depandan) ki nan kay ou. Apresa fè lis tout revni ki rantre nan kay ou mwa pase a.**

Non Manm Kay la	Rantre Bri yo (avan dediksyon)		Alokasyon Sosyal, pansyon alimantè pou timoun, pansyon alimantè pou madanm oswa mari pa mwa	Revni pa mwa apati Pansyon, Retrèt, Sekirite Sosyal	Tout Lòt Revni pa mwa
	Travay #1	Travay #2			
1 _____	\$ _____	\$ _____	\$ _____	\$ _____	\$ _____
2 _____	\$ _____	\$ _____	\$ _____	\$ _____	\$ _____
3 _____	\$ _____	\$ _____	\$ _____	\$ _____	\$ _____
4 _____	\$ _____	\$ _____	\$ _____	\$ _____	\$ _____
5 _____	\$ _____	\$ _____	\$ _____	\$ _____	\$ _____

**Pati 2b. Si pati 2a a ranpli, fòm sa a dwe genyen non ak kat dènnye chif nan Nimewo Sekirite Sosyal granmoun ki siyen pati 3 a. Si granmoun nan pa genyen yon Nimewo Sekirite Sosyal, ekri ak lèt majiskil PA GENYEN nan espas yo kite pou sa.**

Non \_\_\_\_\_ Sekirite Sosyal # (4 dènnye chif yo) \_\_\_\_\_

**Pati 3. Apre ou fin li deklarasyon ki vin apre a ak deklarasyon ki nan do a, siyen anba la a.**

Mwen sètifye ke enfòmasyon ki anlè yo vre e kòrèk e ke mwen rapòte tout revni yo. Mwen konprann sant lan pral resevwa lajan federal ann amoni ak enfòmasyon mwen bay.

Siyati \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

**POU ESPONNSÒ SÈLMAN**

# Akò CACFP	Kantite Total Manm Kay la	Revni Total \$	Lib <input type="checkbox"/>	Redui <input type="checkbox"/>	Peye <input type="checkbox"/>
Siyati Estaf Sant lan			Dat li Detèmine		

Enstitisyon sa a bay tout moun menm posiblite.

---

**Deklarasyon sou Respè Vi Prive:** Lwa Richard B. Russell sou Kantin Eskolè a egzije enfòmasyon ki nan fòm sa a. Ou pa oblije bay enfòmasyon an, men si ou pa fè sa, nou p ap kapab apwouve patisipan an pou l jwenn repa gratis oswa ak yon pri redui. Ou dwe mete kat dènye chif nimewo sekirite sosyal adilt nan fanmi ki siyen fòm la. Nimwo Sekirite Sosyal la pa nesèsè lè ou mete yon nimewo dosye pou Pwogram Èd nan Nitrisyon Anplis (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), Asistans Pwovizwa pou Fanmi ki nan Nesosite (Temporary Assistance for Needy Families, TANF), Pwogram Distribisyon Manje nan Rezèv Endyen yo (Food Distribution Program on Indian Reservations, FDIPIR), Revni Sekirite Anplis (Supplemental Security Income, SSI) oswa Medicaid pou patisipan an, oubyen lè ou endike ke granmoun nan kay la ki siyen fòm nan pa genyen yon Nimewo Sekirite Sosyal. N ap itilize enfòmasyon ou pou gade si sant lan kalifye pou ranbousman pou repa gratis oswa repa a pri redui ak pou administrasyon ak aplikasyon pwogram nan.

### Enstriksyon pou Ranpli DOH-3834 la

#### Definisyon Revni

Revni vle di revni anvan dedikasyon pou enpo sou revni, kotizasyon pou Sekirite Sosyal, prim asirans, don, ak obligasyon, eksetera. Tanpri mete sa ki annapre yo: (1) konpansasyon lajan pour sèvis, tankou salè, tretman, komisyon, oswa frè; (2) revni nè pou moun k ap travay ak tèt yo san se pa nan agrikilti; (3) revni nè pou moun k ap travay pou tèt yo nan agrikilti; (4) Pèman Sekirite Sosyal; (5) Dividand oswa enterè sou epay oubyen obligasyon, revni apati pwopriyete, plasman oswa revni sou lwaye; (6) konpansasyon pou chomaj; (7) Anplwaye sivil leta oswa militè retirete, oswa pèman pansyon oubyen pou veteran; (8) pansyon oswa rant prive; (9) sipò (alimony) pou madanm/mari oubyen timoun; (10) kontribisyon regilye moun ki p ap viv nan kay la; (11) redevans nè; (12) avantaj pou militè ou resevwa sou fòm lajan kach, tankou alokasyon pou kay sòf si ou nan Inisyativ Privatizasyon Lojman pou Militè; ak (13) lòt revni sou fòm lajan kach.

#### Definisyon Kay la

Kay la vle di fanmi an jan sa defini nan Seksyon 226.2 an. Fanmi an defini kòm granmoun k ap patisipe a avèk mari l oswa madanm li epi depandan granmoun k ap patisipe a, si y ap viv nan menm kay avèk granmoun k ap patisipe a.

### Enstriksyon pou moun k ap aplike yo :

Ekri non sant la nan kote ki vid yo mete pou sa a.

Ekri ak lèt majiskil non granmoun ki ale nan sant sa a.

**PATI 1:** Si nenpòt moun lakay ou resevwa SNAP, TANF, patisipe nan FDIPIR oubyen si ou resevwa SSI oswa Medicaid, ranpli PATI 1 an. Ekri nimewo dosye SNAP, TANF, FDIPIR, SSI oswa Medicaid la. Apresa ranpli PATI 3 a epi voye fòm nan tounen bay sant lan.

**PATI 2a:** Ranpli seksyon sa a si ou pa t ranpli PATI 1 an. Mete sou lis tèt ou, madanm oswa mari w ak tout depandan ki nan kay ou. Apresa fè lis tout revni ki rantre nan kay ou mwa pase a.

Antre montan revni chak moun te resevwa mwa pase a, avan yo retire enpo oswa kwakseswa ladan l. Ale nan Definisyon Revni ak Definisyon Fwaye, pi wo a. Si gen yon montan mwa pase a ki te plis oswa mwens pase montan nòmal la, ekri revni nòmal moun sa.

**PATI 2b:** Si ou te ranpli PATI 2a a, kat dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal granmoun k ap siyen sètifikasyon an nesèsè. Si ou pa gen yon Nimewo Sekirite Sosyal, ekri pa genyen.

**PATI 3:** Siyen epi mete dat sou fòm nan, apresa voye li tounen bay sant lan.

### Enstriksyon pou Sant yo ak Esponnò yo :

**Se estaf sant lan oswa esponsò a ki pou ranpli, siyen epi mete dat nan seksyon Pou Esponnò Sèlman an.** Reprèzantan esponsò/sant lan dwe byen gade fòm kalifikasyon revni an epi asire l ke li ranpli jan sa di nan enstriksyon ki pi wo yo. Apresa mansyone sa ki annapre yo:

#### **Nimewo Akò CACFP Esponnò a.**

**Kantite Total Manm Kay la** – Atik sa a pa oblije ranpli si patisipan an te ranpli PATI 1 an.

**Revni Total** – Atik sa a pa bezwen ranpli si patisipan an te ranpli PATI 1 an. Endike revni pa mwa total la jan li te kalkile nan PATI 2a. Si patisipan an chwazi pou l pa divilge revni, fòm nan dwe rantre nan kategori peye.

**Gratis, Redui oswa Peye** – Konpare revni total kay la epi kantite total manm kay la avèk Direktiv sou Kalifikasyon Revni yo (CACFP-3687) pou ane sa a pou wè si kay la ta dwe rantre nan kategori **Gratis, Redui oswa Peye**. Itilize bon kolòn nan CACFP-3687 pou kategorize revni yo. Pa egzanp, si patisipan an te endike yon revni chak 2 semèn, multipliyè kantite sa a pa 26 pou jwenn revni pa ane a.

Fòm ki pa fin ranpli yo (ki manke siyati, enfòmasyon sou revni, nimewo dosye SNAP, TANF, FDIPIR, SSI oswa Medicaid) rantre nan kategori Peye a.

Reprèzantan esponsò/sant lan ki detèmine kalifikasyon an dwe siyen api mete dat sou fòm nan.

**Fòm kalifikasyon revni an valab pou rive jis nan dènye jou nan mwa a yon lane kalandriye apre dat li siyen an.** Pa egzanp, yon fòm ki siyen 12 Me 2019, valab jiska 31 Me 2020.